



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA ANT MATTRESS FIRM, INC. AK HABITAT FOR HUMANITY VIL NEW YORK AK KONTE WETCHESTER AK ETA NEW YORK POU BAY 500 MATLA POU FANMI KI AFEKTE PA INONDASYON KE OURAGAN IDA TE LAKOZ YO

500 matla prale bay sila yo ki te pèdi byen yo apre inondasyon istorik la

Foto yo Disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Mattress Firm, Inc. ak Habitat for Humanity (Abita pou Limanite) Vil New York ak Konte Westchester te fè patenarya ak Eta New York pou bay 500 matla pou fanmi nan Queens ki afekte pa inondasyon ke Ouragan Ida te lakoz nan lannwit 1ye septanm lan.

"Nouyòkè yo te fè fas ak vag lapli entans ak inondasyon istorik nan lannwit Ida te frape rejyon sid eta a, epi anpil moun te reveye pou jwenn pifò byen yo te pèdi oswa detui," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Men jan yo toujou fè a, yo te ede vwazen yo netwaye, rekonstwi epi restore lavi yo. Epi kounye a, ak jenewozite Mattress Firm ak Habitat for Humanity NYC, nou ka ede ofri yon ti moso lespwa pou sila yo ki te pèdi tèlman - yon nouvo matla pou poze tèt yo."

Matla yo te distribye nan Premye Egliz Batis nan katye East Elmhurst nan Queens nan mèkredi ak jedi.

John Eck, Direktè Egzekitif ak PDG Mattress Firm. Inc., te deklare, "Yon pati nan fabrik kilti nou nan Mattress Firm se dirije ak tout kè, ak imanite. Se poutèt sa nou angaje pou nou investi nan sipòte kominote kote nou abite epi kote na ap travay la, Se yon privilèj pou bay 500 matla pou Nouyòkè ki nan bezwen yo epi soulaje yon pòsyon nan estrès y ap sibi. Nou konnen enpòtans yon bon repo lannwit, espesyalman apre yon moman epwouvan."

Karen Haycox, PDG Habitat for Humanity Vil New York ak Konte Westchester, te deklare, "Depans kache domaj apre siklòn, trakou ranplase atik kay ki chè ki enkli matla, souvan mete plis estrès sou sila ki afekte pa katastwòf yo. Nou onore pou kontinye travay ansanm ak Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan nivo Vil, Eta, ak Federal pou fè pati pa nou pou bay ti soulajman pou vwazen nou. Nou kontan pou nou sèvi, pou ede nan nenpòt fason nou kapab".

Donovan Richards, Prezidan Awondisman Queens la, te deklare, "Nou voye je youn sou lòt isit la nan awondisman Queens, epi nou rekonesan anpil ak Gouvènè Hochul, Mattress Firm ak Habitat for Humanity Vil NY ak Westchester paske yo sekirize 500 matla ki te distribye bay fanmi Queens yo ki te afekte anpil pa Ida. Avèk tout rezidan ki toujou nan bezwen apre inondasyon devastan Ida a, biwo mwen an p ap rate okenn okazyon pou asire ke fanmi nou yo geri apre katastwòf sa."

Gouvènè Kathy Hochul [te anonse nan dat 6 septanm](#) ke Prezidan Biden te apwouve yon Deklarasyon akselere pou Katastwòf Majè ki pral ede bay soulajman finansye federal pou gouvènman lokal yo ak Nouyòkè yo epi bay asistans endividyèl ak piblik pou Nouyòkè ki elijib yo ka rekipere anba domaj inondasyon rès Siklòn Ida te lakòz. Konte yo ke deklarasyon pou asistans endividyèl ak piblik la kouvri gen ladan: Bronx, Queens, Kings, Richmond ak Westchester. Nan moman sa a, Konte New York enkli pou asistans piblik sèlman. Gouvènè a pral kontinye travay avèk FEMA ak patnè federal, eta ak lokal yo pou asire Nouyòkè yo jwenn soulajman anplis yo bezwen. Nouyòkè yo ki te deplase, sa gen ladan fanmi ki pa asire yo, ap elijib pou fon pou Èd Lojman ansanm ak konsèy nan sitiyasyon kriz, asistans pou chomaj, reparasyon kay ak sèvis jiridik.

Konsènan Mattress Firm, Inc.

Mattress Firm, Inc., ap fè biznis depi 90 lane ak plis pase 2,400 magazen nan katye k ap ede plis pase 3 milyon moun pa ane jwenn bon solisyon pou bezwen somèy yo. Angaje nan sèvi kominote yo, pwogram Timoun ki nan Fwaye Dakèy Mattress Firm lan, nan patenarya ak Fondasyon Ticket to Dream, te reyini fòs yo ak patnè san bi likratif swen nan fwaye dakèy yo pou ede timoun ki nan swen nan fwaye dakèy yo dòmi pi byen pou fasone yon meyè avni. Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt www.mattressfirm.com

Konsènan Habitat For Humanity Vil New York City ak Konte Westchester

Habitat for Humanity Vil New York City and Westchester County transfòme lavi ak kominote yo lè li konstri epi prezève kay nan pri ki abòdab ak fanmi k ap travay di yo—epi lè li ini tout Nouyòkè sou koz lojman nan pri abòdab la. Avèk lèd plizyè milye volontè chak ane Habitat NYC ak Westchester konstui epi repare kay pou fanmi atravè rejyon an. Jwenn plis enfòmasyon sou www.HabitatNYCWC.org epi konekte avèk nou sou [Facebook](#) oswa swiv nou sou [Twitter](#) ak [Instagram](#) nan @HabitatNYC_WC.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)